

Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE YON PLAN KI GEN 10 PWEN POU TRANSFÒME EPI FINANSE MTA NAN**

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra Bill de Blasio te anonse jodi a yon pwopozisyon pou transfòme Otorite Transpò Metwopolitèn (Metropolitan Transportation Authority, MTA) epi kreye sous finansman espesyalize epi pèmanan pou ajans lan. Pwopozisyon an gen ladan l apwobasyon ansanm tarifikasyon abouteyaj yo epi yon plan pou reyòganize MTA a.

1. MTA a pral devlope yon plan reyòganizasyon pou fè ajan lan plis efisyan ak efikas. Estrikti ansyen yo pral chanje fondamantalman pou santralize fonksyon komen yo nan mitan 6 antite ki egziste yo. Atyèlman, NYCTA, LIRR, Metro-North, MTA Capital Construction, MTA Bus, SI Railway- ap fonksyone tankou 6 antite separe. Estrikti “sosyete pòtèfèy” sa a ki te konsevwa an 1968 rann kowòdinasyon pi difisil ak chè. Tout fonksyon komen tankou jesyon konstriksyon, afè jiridik, enjenyeri, pasasyon mache. resous zimèn, maketin, etc. pral konsolide epi jere nan yon operasyon santral. Divizyon endividyèl yo pral konsantre sou jesyon kotidyèn operasyon primè yo. Plan reestriktirasyon an ap fini bò mwa Jen ane sa a. Plan reestriktirasyon an dwe mache ansanm ak yon chanjman nan kiliti, ki pral jenere ide tou nèf ak nouvo pèspektiv ki soti nan nouvo senyò ki fèk nome ak nan jesyon nivo mwayen ki te rekrute nan sektè prive a epi lòt vil ak Eta.

2. Plan Transfòmasyon MTA a ta pral gen ladan l yon modèl pou finanse tarifikasyon abouteyaj. Aparèy pou peyaj elektwonik yo ta pral enstale sou perimèt Distri Biznis Santral (Central Business District, CBD) ki defini kòm ri sid 61yèm Ri nan Manhattan. FDR Drive pa pral fè pati Distri Biznis Santral la. Sistèm peyaj elektwonik la pral konte pou peyaj chofè k ap antre Manhattan yo deja peye nan kafou ki dezinye yo. Sistèm nan pral enstale epi fonksyone an akò ak yon Memorandm Antant (Memorandum of Understanding, MOU) ant Vil New York ak MTA a pou asire achèman atan enstalasyon enfrastrikti abouteyaj nan objektif pou fè yon plan tarifikasyon abouteyaj, epi pou rekònèt ekspètiz TBTA a nan zafè jere epi fè fonksyone sistèm peyaj san kash ak ajans Vil yo pou itilizasyon ak enpak enstalsyon enfrastrikti nan ri Vil yo. Peyaj yo ap varyab pou bay diskont pou vwayaj nan lè ki pa gen gwo trafik. Veyikil ijans yo ap egzonerè nan tarifikasyon peyaj abouteyaj yo. Lòt egzonerasyon oswa diskont pral bay ak yon gwoup veyikil ki limite k ap antre nan CBD a gen ladan l tou veyikil moun ki gen andikap ap kondi oswa k ap pote moun ki gen andikap epi moun ki gen yon difikilte ki idantifyab oswa kapasite limite pou aksede batiman medikal nan CBD a. Tarifikasyon peyaj abouteyaj la ta pral konplete ak revni Eta ak Vil la nan montan fiks nan nouvo taks sou lavant sou entènèt yo soti nan lavant nan Vil New York, ak yon faktè kwasans, epi yon pousantaj nan revni Eta ak Vil sou taks aksiz marigwana a. Revni tarifikasyon abouteyaj la ak lòt de taks sa yo pral plase nan yon “kòf” pou bay yon sous finansman pou asire bezwen kapital MTA yo satisfè, ak priyorite pou sistèm subway a, nouvo

sinyalizasyon, nouvo vwati subway, reparasyon ray ak vwati, aksesibilite, amelyorasyon bis ak sistèm bis epi investisman pi devan nan etann disponibilite tranzit la nan zòn ki an deyò vilaj ki gen opsyon trajè mas limite. Peyaj yo pral etabli yon fwa enfrastrikti elektwonik yo an plas epi yon Plan Kapital finalize men nan okenn ka li pap etabli pi ta pase Desanm 2020.

3. Pri kous MTA yo pou transpò piblik mas la dwe kontwòle nan ane k ap vini yo atravè kou aksyon retansyon ak jesyon amelyore. MTA ta dwe kapab fonksyone ak ogmantasyon kous tranzit mas yo ki limite ak ogmantasyon enflasyonis 2 pousan pa ane.

4. Tout nominasyon Komite MTA a pral modifiye yon fason pou tout kondisyon yo tèmine ak nominasyon manda ofisye eli yo.

5. Petenarya ant Eta ak Vil la nesèsè pou konbat evazyon nan pri kous yo. Nou pa kapab genyen yon sistèm kous volontè epi toujou kenbe yon sistèm ki asire establiite operasyonèl. Eta a pral travay ak MTA a, Avoka Vil la ak Distri a pou devlope yon estrateji aplikasyon, ak modifikasyon ni nan pèsonèl epi nan konsepsyon estasyon yo ki pa kriminalize evazyon nan pri kous yo, sanksyone kontrevenan yo epi ogmante aplikasyon.

6. MTA a pral sibi yon odit endepandan pou detèmine pasif ak aktif aktyèl. Odit inisyal la ta dwe konplete pa pita pase Janvyè 2020. Prediksyon yo, pwojeksyon yo ak plan kapital ki bati yo enspire kredibilite finansyèl.

7. Plan Kapital la pral revize nan yon komite sou transpò, enjenyeri ak ekspè gouvènman an ki pa gen okenn lyen finansyèl ak MTA a (Komite Rezyonal Tranzit (Regional Transit Committee, RTC)). Komite a pral genyen moun Gouvènè a, Majistra a, Asanble ak Sena Eta a, ak òganizasyon yo ki reprezante itilizatè subway ak chofè ki fè navèt yo nome. RTC pral revize peyay yo ak ogmantasyon pri kous yo MTA a pwopoze jan sa nesèsè pou finanse Plan Kapital la.

8. MTA pral gen tout pwojè konstriksyon majè yo epi pwojè planifye nap pouwi kòm “Konsepsyon konstriksyon yo”. MTA a pral fè desen preliminè yo sèlman nan nivo nesèsè pou lanse pwojè a nan yon konpetisyon sektè prive a baze premyèman sou depans ak kalandriye pwojè a. Chwa yo pral fèt ak motivasyon epi sanksyon pou pèfòmans. Tout pwojè konstriksyon majè yo pral revize nan men ekspè konstriksyon ak enjenyeri ki pa afilye ak MTA oswa konsiltan li yo. Ekip revizyon konstriksyon an ap gen nan tèt li Dwayen Fakilte Enjenyeri Cornell (Cornell School of Engineering) la ak Fakilte Enjenyeri Columbia (Columbia School of Engineering) a pou asire konsepsyon ak teknoloji modèn ap deplwaye. Gwoup sa a pral revize tou plan pou metodoloji aktyalizasyon sistèm sinyalizasyon an epi deside pi bon sistèm pou itilize a, espesyalman nan konpare Kontwòl Tren ki Baze sou Kominikasyon (Communications Based Train Control, CBTC) ak teknoloji Bann Trè Laj (Ultra-Wide-Band, UWB) pou sekirite ak depans. MTA a pral pi agresif nan ekskli kontraktan ki echwe.

9. MTA a pral fè ale pi vit achèman Plan Aksyon Subway la ki gen ladan l: reparasyon sinyal; jesyon dlo; reparasyon estasyon; soudi ray tren; enstalasyon plakèt frotman yo; efò renovation ki ogmante; ak lòt amelyorasyon sèvis yo.

10. Gouvènè a ak Majistra a pral travay ansanm ak Lesjislati a pou reyalize dispozisyon yo nan kad sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)